

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar: (1) métode panalungtikan, (2) subjék jeung objék panalungtikan, (3) tempat jeung waktu panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, (6) léngkah ngalaksanakeun panalungtikan, (7) téhnik analisis data, jeung (8) uji saluyuna data .

3.1 Méhode Panalungtikan

Panalungtikan nu dilaksanakeun ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif mangrupa bentuk panalungtikan nu sipatna déskriptif kualitatif. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun hasil tina ngolah data nu mangrupa kekecapan, sawangan umum nu kajadian di tempat panalungtikan. Panalungtikan kualitatif digunakeun pikeun maham kana réalitas sosial, nyaéta nilik dunya nu saujuratna lain dunya nu sakuduna. Panalungtikan kualitatif dilaksanakeun dina kaayaan ilmiah jeung sipatna timuan.

Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu digunakeun pikeun nilik, meunangkeun, ngagambarkeun, jeung ngajelaskeun kualitas atawa istimewa tina pangaruh sosial nu teu bisa dijelaskeun, diukur, atawa digambarkeun ngaliwatan pamarekan kuantitatif. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 15) panalungtikan kualitatif mangrupa métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik objék ilmiah, nu mana panalungtik salaku instrumén konci, nyokot sémpel sumber data sacara *purpoisive* jeung *snowbaal*, téhnik ngumpulkeun ku cara triangulasi (*gabungan*), analisis data nu sipatna induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nekenkeun ma'na batan generalisasi.

Ngagunakeunna pamarekan kualitatif dipiharep mampuh meunangkeun pamahaman jeung tafsiran nu leuwih teleb ngeunaan ma'na jeung fakta nu saluyu, sangkan bisa maham kana kompeténsi guru dina ngararancang pangajaran.

Ieu métode anu digunakeun saluyu jeung panalungtikan nu dilaksanakeun panalungtik, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun komponén sarta kualitas komponén

RPP anu disusun ku guru basa Sunda dumasar kana kurikulum daérah 2013 révisi 2017.

3.2 Subjék jeung Objék Panalungtikan

Subjék panalungtikan mangrupa puseurna, lantaran dina subjék panalungtikan data ngeunaan variabel nu ditalungtikna aya jeung ditalungtik ku panalungtikna sorangan (Arikunto, 2006, kc. 122). Subjék panalungtikan nyaéta subjék nu jadi udagan pikeun ditalungtik, nyaéta subjék nu jadi puseur atawa sasaran panalungtik.

Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta RPP kelas X, XI, XII nu disusun ku guru basa Sunda jenjang SMA/SMK/MA satata nu aya di Kecamatan Langkaplancar, Kabupatén Pangandaran Taun Ajaran 2020/2021.

3.3 Tempat jeung Waktu Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan dipilih 7 SMA/SMK/MA satata di Kabupatén Pangandaran, Kecamatan Langkaplancar nu dijadikeun tempat panalungtikan. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina sasih Mei 2021.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun atawa nyadiakeun rupa-rupa data nu diperlukeun nalika kagiatan panalungtikan lumangsung (Sutedi, 2009, kc. 155).

Dina ieu panalungtikan nalaah RPP mangrupa kagiatan nu dilaksanakeun pikeun apal *tingkatan keterbacaan* jeung *tingkatan saluyuna RPP* nu disusun guru kalawan standar nu geus ditetepkeun. Dina ieu hal, luyuna RPP nu disusun dumasar Standar Prosés (Permendikbud No 22 Tahun 2016) jeung Permendikbud No 103 tahun 2014 ngeunaan *Pembelajaran di Pendidikan Dasar dan Pendiidkan Menengah*.

Analisis RPP nilik kana pedoman talaah RPP kurikulum 2013 nu dicokot tina *Lembar Kerja Bimbingan Teknis Kurikulum 2013* nu geus aya parobahan anyar ku panalungtik. Format talaah RPP saperti kieu.

Format Talaah RPP

1. Tulis skor (1,2,3) luyu jeung kriteria nu aya dina kolom. Eusian cutatan atawa saran pikeun menerkeun RPP luyu jeung niléy nu dibéré.
2. Tulis Idéntitas RPP nu geus ditalaah.

Ngaran Guru :

Mata Pelajaran :

Topik/Sub topik :

Nu nalaah :

No	Komponén Rencana Pelaksanaan Pembelajaran	Hasil Nalaah jeung Skor			Cutatan Révisi
A Idéntitas Mata Pelajaran					
1	Ayana: satuan pendidikan, kelas/semester, mata pelajaran, materi poko, alokasi waktu				
B Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar					
1	Kompeténsi Inti				
2	Kompeténsi Dasar				
C Rumusan Indikator					
1	Luyuna jeung Kompetensi Dasar				
2	Luyunan dina ngagunakeun Kata Kerja Operasional (KKO) jeung kompetensi nu diukur				
3	Luyuna rumusan jeung aspék pangaweruh				
4	Luyuna rumusan jeung aspék kaparigelan.				
D Rumusan Tujuan Pangajaran					
1	Luynau jeung KD				
2	Luyuna jeung Indikator				
3	Luyuna dina ngarumuskeun jeung aspék <i>Audience, Behavior, Condition</i> , jeung <i>Degree</i> .				
E Milihan Matéri Ajar					
1	Luyuna jeung KD				
2	Luyuna jeung Tujuan Pangajaran				
3	Luyuna jeung karakteristik peserta didik				
4	Ngéntép seureuhna matéri ajar				
F Milihan Sumber Belajar					
1	Luyuna jeung Tujuan Pangajaran				

Lisna Yulia Herliani, 2021

IMPLEMENTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Komponén Rencana Pelaksanaan Pembelajaran	Hasil Nalaah jeung Skor			Cutatan Révisi
2	Luyuna jeung Matéri Pangajaran				
3	Luyuna jeung Pamarekan Sainstifik				
4	Luyuna jeung Karakteristik peserta didik				
G	Milihan Media Belajar				
1	Luyuna jeung Tujuan Pangajaran				
2	Luyuna jeung Matéri Pangajaran				
3	Luyuna jeung Pamarekan Sainstifik				
4	Luyuna jeung Karakteristik peserta didik				
H	Modél Pangajaran				
1	Luyuna jeung Tujuan Pangajaran				
2	Luyuna jeung Karakteristik Matéri				
I	Métode Pangajaran				
1	Luyuna jeung Tujuan Pangajaran				
2	Luyuna jeung Karakteristik matéri				
3	Luyuna jeung Karakteristik Peserta Didik				
J	Kegiatan Pangajaran				
1	Nampilkeun kagiatan Bubuka, Inti, jeung Panutup sacara jelas				
2	Luyuna kagiatan jeung pamarekan saintifik (nilik, nanya, ngumpulkeun informasi, ngasosiasikeun informasi, ngomunikasikeun				
3	Luyuna jeung métode pangajaran				
4	Luyuna kagiatan jeung sistematika/keruntutan matéri				
5	Luyuna alokasi waktu kagiatan bubuka, kagiatan inti, jeung kagiatan panutup				
K	Rarancang dina Nganiléy Pangajaran jeung Instrument Penilaian				
1	Luyuna antara wangun, téhnik jeung instrumén kana Indikator Pencapaian Kompetensi				
2	Luyuna antara wangun, téhnik jeung instrumén nganiléy dina sikep				
3	Luyuna antara wangun, téhnik jeung instrumén dina nganiléy pangaweruh				
4	Luyuna antara wangun, téhnik jeung instrumén dina nganiléy kaparigelan				
	Jumlah Skor				

Keterangan: Skor 1 = Teu Saluyu/Teu Kapaluruh

Skor 2 = Sabagian Saluyu/Kurang Lengkep

Skor 3 = Sakabéhna Saluyu/Lengkep

Lisna Yulia Herliani, 2021

IMPLEMENTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saran kana RPP sacara umum:

.....
.....
.....
.....
.....
.....

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah dokuméntasi. Méthode dokuméntasi mangrupa kagiatan ngumpulkeun data ku cara nalaah kana dokumén tinulis nu diperlukeun (Purwanto, 2006, kc. 113). Data anu dimaksud saperti kieu.

- a. Komponén RPP pangajaran basa Sunda Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran Tingkat SMA/SMK/MA dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.
- b. Kualitas RPP pangajaran basa Sunda Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran Tingkat SMA/SMK/MA dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.

3.6 Léngkah Ngalaksanakeun Panalungtikan

Nurutkeun Moleong (2013, kc. 127) léngkah-léngkah panalungtikan kualitatif meungkeut kana tilu léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, nyaéta:

- 1. Tahap Saméméh Ngalaksanakeun

Ngalaksanakeunna pra-tempat panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun gambaran umum réspodén ngeunaan kaayaan tempat jeung kaayaan objék panalungtikan, gambaran umum réspodén, maksud jeung titik puseur pasualan nu ditalungtik, nyaluyukeun kana waktu jeung lianna nu patali kana panalungtikan.

Dina ieu tahap, sacara umum dilaksanakeun kagiatan-kagiatan nu ngawengku:

- a. Nyusun rarancang panalungtikan, utamana dina nangtukeun désain jeung titik puseur panalungtikan.
- b. Milih tempat panalungtikan nu luyu jeung ngarojong kana lancarna panalungtikan, dina ieu hal sakola anu dipilih nyaéta SMA/SMK/MA satata di Kabupatén Pangandaran, Kecamatan Langkaplancar.
- c. Ngurus Ijin ti Réktor ngaliwatan diréktur sakola Pascasarjana Universitas Pendidikan Indonesia.
- d. Nénjo ka tempat panalungtikan sacara formal, niténan kana hal nu mungkin atawa henteuna ngalaksanakeun panalungtikan, muka obrolan jeung pupuhu sekolah ngeunaan dilaksanakeunana panalungtikan.
- e. Milih informan, anu satuluyna komunikasi ngaliwatan média sosial (whatsapp, email, jsb).
- f. Nyiapkeun sakabéh nu dibutuhkeun nalika panalungtikan.

2. Tahap Ngalaksanakeun di Tempat Panalungtikan

Dina ieu tahap mangrupa maham kasang tukang panalungtikan jeung nyiapkeun diri, asup ka tempat panalungtikan, jeung ngumpulkeun data. Dina ieu tahap ogé mangrupa tahap inti tina ngalaksanakeun panalungtikan nu saenyana. Ieu kagiatan ngaguar sacara jero kalawan ngagunakeun cara studi dokuméntasi.

Sacara sadar yén hasil henteuna panalungtikan kualitatif gumantung kana kakumpulna data jeung telik sarta saregepna panalungtikan. Nurutkeun Bogdan jeung Biklen dina Mahmudah (2015, kc. 113) yén “hasilna hiji panalungtikan kualitatif gumantung kana taliti jeung lengkepna cutatan di tempat panalungtikan (field notes) nu disusun ku panalungtik.”

Dina tahap nu pamungkas di tempat panalungtikan, data nu geus kakumpul satuluyna diolah, dianalisis, jeung nyieun kacindekan sacara kualitatif tur dirojong ku rupa-rupa konsép atawa tilikan pustaka nu ahirna jadi hasil panalungtikan.

3. Tahap Ngalaporkeun

Sanggeus kagiatan ngumpulkeun data jeung analisis data anu dilaksanakeun, tahap nu satuluyna mangrupa nyusun laporan hasil kagiatan panalungtikan. Ieu laporan panalungtikan disusun sanggeus ngolah data jeung nganalisis data dilaksanakeun, lantaran dina dasarna nyusun hasil panalungtikan nu dimaksud di dieu aya patalina jeung tulis tésis salaku karya ilmiah.

3.7 Téhnik Analisis Data

Analisis data nu dilaksanakeun ku cara téhnik analisis data déskriptif kualitatif. Analisis data anu dilaksanakeun ngaliwatan tilu léngkah. Kagiatan dina analisis data ngawengku kana réduksi data, nyajikeun data, jeung tahap nyindekkeun/verifikasi.

1. Réduksi Data

Réduksi data mangrupa prosés milihan, museurkeun panitén kana nyederhanakeun, ngabstrakkeun, jeung ngatransformasikeun data kasar nu timbul tina cutatan sacara tinulis di tempat panalungtikan. Réduksi data mangrupa wangun analisis nu museurkeun, ngawilah-wilah, ngabingbing, miceun nu teu perlu jeung nyusun data nepi ka bisa ngahasilkeun hiji kacindekan jeung divérifikasi. Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta RPP nu geus disusun ku guru basa Sunda.

2. Nyajikeun Data

Sanggeus data diréduksi, satuluyna mangrupa nyajikeun data. Nyajikeun data nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan dina wangun uraian nu sipatna naratif jeung wangun tabél. Ngaliwatan kagiatan nyajikeun data, mangka data ka susun dina pola hubungan, nu ahirna babari dipahamna. Nyajikeun data nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun uraian nu sipatna naratif jeung wangun tabél. Téks naratif jeung tabél eusina ngeunaan:

- a. Nganalisis komponén RPP pangajaran basa Sunda Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran Tingkat SMA/SMK/MA dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.

- b. Nganalisis kualitas RPP pangajaran basa Sunda Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran Tingkat SMA/SMK/MA dumasar implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017.

3. Nyieun Kacindekan

Léngkah pamungkas dina kagiatan analisis data kualitatif nyaéta nyieun kacindekan tina data-data nu aya kalawan bukti nu valid jeung konsistén sangkan kacindekan nu hasilekeun dipiharep bisa ngajawab kana rumusan pasualan nu geus ditepikeun.

3.8 Uji Saluyuna Data

Mariksa saluyuna data mangrupa kagiatan ngabuktikeun yén anu geus ditalungtik ku panalungtik luyu jeung kaayaan saenyana di tempat nu dijadikeun panalungtikan jeung data nu dibérékeun jelas luyu jeung kaayaan sabenerna. Ku kituna dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik pikeun maluruh saluyuna data ku cara ngagunakeun:

1. Ngaronjatkeun Sikep Junun

Ngaronjatkeun sikep junun hartina ngalaksanakeun panalungtikan sacara taliti. Keur bekel panalungtik pikeun ngaronjatkeun sikep junun ku cara macaan référénsi, atawa hasil panalungtikan boh dokumén-dokumén nu patali jeung panalungtikan panalungtik.

2. Ngagunakeun Bahan Référénsi

Ngagunakeun bahan référénsi, mangrupa ayana pangrojong pikeun ngabuktikeun data nu geus ditalungtik. Panalungtik meunangkeun data nu mangrupa RPP nu geus disusun ku guru basa Sunda.